

# *SEMANS DISKÒD LA*

 Aswè a mwen chwazi yon tèks toukout, oswa yon lekti toukout, si Seyè a vle, pou ban nou kontèks la, nan Sen Matye Sen 13:24 a 30. Epi tou mwen—mwen vle li de 36 a 40, jis nan kèk moman. Bon Sen Matye, chapit 13 la, n ap kòmanse ak vèsè 24 chapit 13 Sen Matye an. Tande byen lekti Pawòl la. Pawòl pa m ap fayi, men pa Pawòl Li.

*Li te prezante yo yon lòt parabòl, ki di, Wayòm syèl la konpare ak yon nonm ki te simen bon semans nan jaden li:*

*Men pandan l t ap dòmi, lènmi l te vini epi l te simen move zèb nan mitan ble a, epi l te al fè wout li.*

*Men lè branch yo te pouse, epi yo te bay fwi, alò move zèb yo te parèt tou.*

*Alò sèvitè mèt kay la te vini epi te di l, Mesye, èske w pat simen bon semans nan jaden w lan? alò ki kote move zèb la soti?*

*Epi li te di yo, Yon lènmi te fè sa. Epi sèvitè yo te di l, Èske w vle alò ke n ale... ranmase yo?*

*Men li te di, Non; se pou pandan n ap ranmase move zèb yo, pou nou pa derasin ble a avèk yo tou.*

*Kite yo toulède grandi ansanm jouk sezon rekòt la: e nan moman rekòt la mwen va voye moun k ap rekòlte yo, Rasable move zèb yo dabò, epi mare yo an pakèt pou boule yo: men ranmase ble a pou grenye a.*

<sup>2</sup> Èske w remake, “Ranmase move zèb yo an premye, epi fè pakèt ak yo”? Kounye a, pandan m ap li sa a, te gen yon bagay etranj ki te vin a mwenmenm alò ke m te chita sou tèt Montay Catalina yo lòt jou swa, ap priye. E lè sa m t ap panse, “Ki kote m te ka jwenn yon pawòl ke m te ka itilize pou sa ke m te vle pale aswè a?”

<sup>3</sup> E m te desann epi m te jwenn mo sa *diskòd*, kifè m te pran diksyonè a epi m te gade sa mo *diskòd* la vle di. E sa vle di ap “simen dezakò,” oswa—oswa, “ki se le kontrè,” tankou Webster di a, “ki simen yon dezakò, yon bagay diferan,” oswa, “ki kontrè a sa k te dejá egziste.” Alò mwen te panse, tèks aswè a, mwen ta rele l: *Semans Diskòd La*. Epi m gen konfyans ke Seyè a pral beni Pawòl Li kounye a pandan n ap apwoche L.

<sup>4</sup> E nou konnen tou Li te entèprete, nan vèsè 36 epi—epi jiska vèsè 43, kijan semans sa a te vin a matirite. E pandan n sou li, ann jis li sa tou, vèsè 36 kounye a jiska 43.

E lè Jezi te fin voye foul la ale, Li te antre anndan kay la: epi disip li yo te pwoche bò kote l, yo te di, Eksplike nou parabòl move zèb nan jaden an.

E Li te reponn epi te di yo, Sila ki simen bon semans lan se Fis de lòm lan;

E jaden an se mond lan; bon semans lan se pitit wayòm lan; men move zèb yo se pitit mechan an;

Lènmi an ki simen yo a se dyab la; rekòt la se lafen mond lan; e rekòltè yo se zanj yo.

Kidonk jan ke yo rammase move zèb yo epi boule yo nan dife a; se konsa l va ye nan fen mond sa a.

Fis de lòm lan va voye zanj li yo, e yo va rale soti deyò nan wayòm li an tout eskandal yo, ak sila yo ki komèt inikite;

E va jete yo nan yon dife, yon founo dife: epi kote ki va gen kriye, oswa jemisman ak manje dan.

Alò moun jis yo va briye tankou soley la nan wayòm Papa a. Sila ki gen zòrèy . . . ke l tande.

5 Sa se Jezi ki t ap bay entèpretasyon parabòl la, Limenm, kidonk konsa nou konnen kisa entèpretasyon an vle di. E kounye a pandan n ap apwoche sa a, simaye semans epi—epi ap rekòltè, la Li entèprete I. Epi mwen kwè ke Jezi t ap bay parabòl sa a nan jou pa L la, men ki te vle di ke se te pou fen mond lan, oswa, fen laj la, ki se jou sa a. E mwen kwè ke ti tèks sa aswè a trè apwopriye pou lè ke n ap viv ladann lan, paske Jezi te di klèman isit la ke “rasanbleman an t ap fèt nan fen mond sa a,” ke se lè lafen an ta rive; rasanbleman ble a, epi rasanbleman move zèb yo tou epi boule yo, epi pran ble a nan Wayòm lan. E mwen kwè se te fason sa a.

6 Epi yon lòt Ekriti mennen m kwè fason sa a, mwen te note 11a, se Matye 24:24, kote l te di ke, palan de semans lan—lan semans diskòd la. Jezi te di ke toulède t ap sitèlman pwòch ansanm jouk li ta twonpe menm Eli yo si l te posib. Prèske egzakteman menm bagay la.

7 Yon lòt kote nan Lekriti kote li ekri, ke lapli a tonbe sou jis la ak enjis la.

8 Mwen sonje premye eksperyans mwen lè m te fèk vin pamí moun Pannkotis yo. Mwen te nan Mishawaka, Indiana. E m te nan yon gwo konvansyon, yon sal apeprè tankou sa a, kote moun Nò ak moun Sid te vin jwenn ansanm. Paske nan epòk sa yo, epòk segregasyon an, yo te oblige rankontre anwo la. Te gen de gran sosyete frè Pannkotis yo. Mwen pa t janm tande pale de yo oswa rankontre yo anvan. Premye fwa m te janm tande pale an lang. Epi m te nan dènye bout ranje a, nan konvansyon an . . . Mwenmenm ki pa t menm yon manm nan mitan yo, mwen te jis yon jèn minis Batis, mwen te chita byen lwen dèyè. E mwen

sonje premye fwa m te tande yon moun pale an lang, mwen pa t menm konnen kisa—kisa tout bagay sa yo te ye. Epi de mesye sa yo, sitou, te chita devan, youn t ap pale an lang epi lòt la t ap entèprete sa nonm lan te di. Ebyen, m te jis kòmanse ap etidye Bib mwen osi serye ke m te kapab, la lè sa, e m te dekouvri ke sa te selon Ekriti a. Se egzakteman sa Ekriti a, sa Sentespri a t ap fè.

<sup>9</sup> Ebyen, apeprè yon jou apre sa . . . Jou swa sa kè m te si tèlman ajite. Mwen te dòmi nan yon chan mayi. M pa t gen ase lajan pou m te achete yon—yon—yon kabann, kifè m te jis te gen ase lajan pou m al lakay mwen, e m te pran kèk ponmkèt, ki te la kèk jou, oswa kèk ti pen won, se te sa, pou manje maten mwen. E yo te envite m pou m manje avèk yo, men m pa t gen okenn lajan pou m bay. Nan epòk sa yo, se te nan epòk depresyon, 1933, kifè li te—bagay yo te di anpil. E konsa m te panse: “Ebyen, m pral . . . M pa t vle manje avèk yo, men m te vle konnen kisa yo te genyen. Yo te gen yon bagay ke m pa t genyen.”

<sup>10</sup> Kifè maten sa a mwen te . . . yo te mande m, “Tout minis vin sou estrad la epi jis idantifye têt ou, kimoun ou ye, ki kote w soti.”

<sup>11</sup> Ebyen, mwen—mwen te jis di: “William Branham, evanjelis, Jeffersonville,” epi chita. Ebyen, nan epòk sa mwen te pi jèn minis sou lestrad la. Epi nan demen yo te rele m sou estrad la pou m te pale. Epi apre m te fin pale, enben, nou te pase yon gran moman, epi apre sa m kòmanse rankontre tout kalite moun k ap envite m nan legliz yo. Lè sa apre ke yo . . .

<sup>12</sup> Apre sa, enben, m te panse, “Si m te ka sèlman jwenn kote de premye mesye sa yo ki te pale an lang epi entèprete yo ye!” Sa t ap boule m nan kè m, m te tèlman vle sa. Ebyen, jan mwen te di nou nan kòmansman an, yon ti don ki mete w apa. Ou konnen, don ak apèl yo san repantans, ou genyen yo tout lavi w, ou wè, ou fèt avèk yo, si yo se don Bondye. Kifè mwen te toujou, depi m te yon vyek ti bebe, sa te toujou rive m, moun ki konnen m tout vi m, yo konnen ke se vre. Ebyen, si m te panse . . . M pa t konnen kisa l te ye lè sa, e m rele l yon vizyon, m jis pa t konnen kisa l te ye. Men m te panse: “Si m te menm ka pale avèk yo!” Ebyen, e lespri ki te nan biling lan te fè w santi tankou se Lespri Bondye vrèman.

<sup>13</sup> Kifè mwen—mwen te arive pale ak youn nan yo, e m te poze l kèk kesyon, epi li te yon vrè Kretyen otantik. Pa t gen okenn dout sou sa, nonm sa te yon vrè kwayan. Epi pwochen nonm lan, lè m te pale avè l, si m te janm rankontre yon ipokrit, se te youn nan yo. Nonm sa te anreyalite . . . Madanm li te yon fanm ak cheve blon, e li te gen timoun ak . . . de timoun ak yon fanm ki gen cheve nwa. E m te panse, “Ebyen, kisa sa ye kounye a? Men li, mwen—mwen te mele nèt. Mwen se yon fondamantal; sa dwe Pawòl la, oswa se pa sa. Epi men Lespri sa, youn ap sonnen, dapre tout sa

m konnen, li otantik; e lòt la pa t bon ditou; epi Lespri tonbe sou toulède. Kounye a, kijan sa ka fè fèt?" Mwen ta, sa te kite m nan konfizyon.

<sup>14</sup> Dezan apre, m t ap priye nan yon gwòt kote m te konn al priye a. te gen pousyè nan gwòt la, e yon apremidi m te soti, m te depoze Bib mwen sou yon twonk bwa, epi van an te soufle L louvri nan Ebre, chapit 6 la. Ki te di, ke nan dènye jou yo, kijan sa t ap ye si n te elwaye nou de Verite a epi t ap renouvre tèt nou ankò nan repantans, pa t gen okenn sakrifis ankò pou peche, epi kouman pikan ak chadon, ki te sou bò rejte, ke fen yo se pou y al boule; men lapli a te vin sou tè a, souvan, pou wouze l, pou abiye l; men pikan ak chadon yo te dwe rejte, men ble a t ap ranmase. E m te panse: "Bon, se jis van an ki te fè l louvri." Ebyen, m te jis depoze Bib la ankò. E m te panse: "Ebyen, kounye a m pral jis..." Epi men van an ki te vini pou te fè L louvri. Sa te rive twa fwa. Epi m te panse: "Ebyen, kounye a, sa a etranj."

<sup>15</sup> E apresa pandan m t ap leve kanpe, e m te panse: "Seyè, poukisa W ta louvri Bib la pou m li sa a, Mwen...lè m rive sou sa, kote 'pikan ak chadon yo, ke yo te sou pwen rejte, ki gen pou y al boule alafen?'" M te panse: "Poukisa, Ou te dwe louvri sa pou mwen la a?" E pandan m t ap voye je gade...

<sup>16</sup> Kounye a, vizyon reyèl sa yo vini san w pa rale okenn vitès. Sa se jis Bondye. Ou wè? M te gade e m te wè yon tè ki t ap vire devan m, e m te wè l demonte nèt. Te gen yon nonm ki te abiye an blan, ki t ap fè wonn lan ap simen ble. Epi apre li te fin vire fè koub tè a; yon nonm te vini, li te parèt efreyan, li te abiye an nwa, e li t ap simen semans move zèb toupatou sou li. Yo toulede te grandi ansanm. E lè yo te fè sa, toulède te swaf, paske sa te pran yon lapli. Epi yo chak te sanble yo t ap priye, ak ti tèt yo bese, "Seyè, voye lapli a, voye lapli a." Epi gwo nyaj yo te rive, e lapli a te tonbe sou toulède. Lè sa te fèt, ti ble a te sote ponpe epi kòmanse di, "Lwanj pou Seyè a! Lwanj pou Seyè a!" E ti move zèb la la menm te sote ponpe menm bò sa, pou di: "Lwanj pou Seyè a! Lwanj pou Seyè a!"

<sup>17</sup> Epi apresa vizyon an te entèprete: Lapli a tonbe sou jis la ak enjis la. Menm Lespri a ka tonbe nan yon reyinyon, epi tout moun rejwi nan li: ipokrit, Kretyen, ak tout moun ansanm. Egzakteman sa. Men kisa l ye? Pa fwi yo yo rekonèt yo. Ou wè? Se sèl fason sa y ap ka toujou konnen l.

<sup>18</sup> Alò nou wè sa kounye a, depi epòk avwàn sovaj, oswa ble sovaj ak grenn pafwa imite yon otantik, yon grenn lokal, sa si tèlman pwòch ke li ta twoype menm Eli yo. Mwen panse ke n ap viv nan yon laj awopriye, kote yo ta dwe preche sou bagay sa yo epi pale sou yo.

<sup>19</sup> Remake nan vèsè 41 an, yo de a tou pwòch anpil, tèlman pwòch nan dènye jou yo jouk Li pa t fè... Li pa t ka depann de kèk legliz pou separé yo, kit se, Metodis oswa Batis, oswa

Pannkotis, pou separe yo. Li di, “Li voye zanj Li yo pou separe yo.” Yon zanj ap vini pou pote separasyon an, divizyon ant byen ak mal la. E pèsonn paka fè sa sinon Zanj Seyè a. Li se Sila ki pral di kisa ki byen e kisa ki mal. Bondye te di Li pral voye zanj Li yo nan dènye tan an. Pa zanj anba bò *isit la*, men zanj yo nan dènye tan an, epi yo va rasanble ansanm. Nou konnen ke sa se tan rekòt la k ap vini kounye a. Kounye a, yon *zanj* anreyalite entèprete kòm yon “mesaje.” E nou wè ke gen sèt zanj pou sèt legliz yo, e kounye a...non, atravè aj legliz yo.

<sup>20</sup> Remake kilès Li te di ke semè yo te ye, epitou kisa semans lan te ye. Youn, semè a se te Limenm, Pitit Bondye a, Ki te al simen Semans. Epi yon lènmi te vin pa dèyè L, ki te dyab la, e li te simen semans diskòd la, apre yo simen vrè Semans lan. Kounye a, zanmi, sa te rive atravè chak laj depi nou te gen yon mond. Egzakteman. Byen byen lwen depi nan kòmansman an, li te kòmanse menm bagay la.

<sup>21</sup> Kounye a Li te di, “Semans Bondye a, Pawòl Bondye a.” Jezi te di, yon kote kèlkonk, ke “Pawòl la se yon Semans.” E chak semans va pwodui dapre espès li. E kounye a si Kretyen an, pitit Bondye yo, timoun Wayòm lan te vin Semans Bondye a, alò yo dwe Pawòl Bondye a, Pawòl Bondye a manifeste nan laj ke y ap viv ladann lan, pou Semans ki te pwomèt pou laj sa a. Bondye te bay Pawòl Li nan kòmansman an, e chak laj te gen Semans li, tan li, pwomèt li.

<sup>22</sup> Kounye a, lè Noye te vini sou sèn lan, e li te Semans Bondye a, Pawòl Bondye a pou laj sa.

<sup>23</sup> Lè Moyiz te vini, li pa t ka vini ak mesaj Noye a, sa pa t ap maché, paske li te Semans Bondye a nan moman sa.

<sup>24</sup> Apresa lè Kris te vini, Li pa t ka vini ak mesaj Noye oswa laj Moyiz la; se te tan pa L, pou yon vyèj vin ansent epi akouche yon Pitit Gason, e Li t ap Mesi a.

<sup>25</sup> Kounye a, nou te viv atravè laj Luther a, laj Wesley a (laj Metodis la), atravè tout aj yo, epi laj Pannkotis la, e yo bay chak aj yon pwomèt nan Pawòl la. E moun laj sa a, ki manifeste Pawòl pwomèt la, se Semans laj sa a, dapre sa Jezi te di la a menm: “Yo se pitit Wayòm lan.” Se vre. Manifestasyon Sentespri a k ap opere atravè pitit Li yo se Semans Wayòm lan nan laj sa.

<sup>26</sup> Remake, move zèb yo se te sila, lènmi an, Satan, ki te simen dezakò, oswa—oswa semans diskòd la, li te sila ki te koupab pou fè bagay tèrib sa a. Satan te simen semans li depi nan kòmansman an, lè Bondye te mete premye rekòt èt imen Li sou tè a. Adan, natirèlmán, jiskela te konnen déjà ke te gen yon—yon konesans verite a, epi byen ak mal, e li potko janm rive a sa ankò.

<sup>27</sup> Men nou jwenn, Bondye te bay pitit Li yo Pawòl Li pou Defans yo. Yo...Nou pa gen okenn lòt Defans ke Pawòl Bondye a. Sa se Defans nou. Pa gen okenn bonm, okenn kachèt, okenn kote pou kache, pa gen Arizona oswa Kalifòni, oswa nenpòt kote

l ye a; gen yon sèl Defans ke n genyen, e se Pawòl la. E Pawòl la tounen moun epi te vin viv nan mitan nou, ki se Kris Jezi. Li se sèl Defans nou. Nan Li, nou an sekirite.

<sup>28</sup> Peche pa menm sou kont yon kwayan otantik. Èske w te konn sa? Sila ki fèt nan Bondye, pa komèt peche, li paka peche. Ou wè? Yo pa menm blame l. Enben, David te di: "Benediksyon pou nonm lan ke Bondye pa blame pou peche." Lè w nan Kris, ou pa gen okenn dezi pou w peche. "Adoratè a, yon fwa l pirifye, pa gen konsyans peche ankò," ou pa gen dezi pou sa. Kounye a, pou mond lan, ou ka yon pechè; men, pou Bondye, ou pa sa, paske w nan Kris. Kijan w ka fè nan pechè a lè ke w nan Sila ki san peche a, e Bondye sèlman wè Li Sila ke w anndann lan?

<sup>29</sup> Kounye a tan rekòt sa a. Nan kòmansman an, lè Bondye te simen Semans Li sou tè a e ke L te bay Li nan kè ptit Li yo, fanmi pa L, pou kenbe Pawòl sa, se te sèl defans yo, kenbe Pawòl sa! Men lènmi an ki te vini epi kraze baryè sa, nan simen semans diskòd la, ki kontrè ak Pawòl Bondye a. Si se te diskòd depi nan konmansman an, li toujou sa. Nenpòt bagay ki va ajoute nenpòt bagay nan Pawòl Bondye a, se toujou semans diskòd la! M pa bezwen konnen kote l soti, si l soti nan òganizasyon, si l vin de sous militè, si l vin de pwisans politik, nenpòt bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye a, se semans diskòd la.

<sup>30</sup> Lè yon nonm kanpe epi l di li se yon predikatè Levanjil, epi l di ke "jou mirak yo pase," sa se semans diskòd la. Lè yon nonm kanpe epi l di ke l se yon minis, yon pastè nan yon legliz kèk kote, e li pa kwè ke Jezikri se menm lan nan tout ti detay (eksepte kò fizik la), menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, sa se semans diskòd la. Lè li di ke "mirak ak laj apostolik la pase," sa se semans diskòd. Lè yo di: "Pa gen yon bagay konsa tankou gerizon Divin," sa se semans diskòd. E lemonn ranpli ak sa. Li pran tout plas la epi li toufe ble a.

<sup>31</sup> Nou remake ke premye semè semans diskòd la te pote etikèt "dyab la," e nou konnen l te fè sa, nan Jenèz 1. Kounye a nou jwenn, bò la a nan—nan Liv Matye, chapit 13 la, Jezi toujou kalifye nenpòt diskòd ak Pawòl Li kòm kwa se "dyab la." Epi 1956 sa a, nenpòt bagay ki simen diskòd, ki kontrè ak Pawòl ekri Bondye a, oswa ajoute nenpòt entèpretasyon prive a Sa, se semans diskòd la. Bondye p ap onore l. Li pa kapab. Sa p ap melanje. Sa sètènman p ap fè l. Se tankou yon gress moutad; li p ap melanje ak ankenn lôt bagay, ou paka ibride l, li dwe yon bagay otantik. Semans diskòd!

<sup>32</sup> Kounye a nou jwenn, lè Bondye te simen Semans Li nan jaden Dedenn lan, nou jwenn ke l te pwodwi yon Abèl. Men lè Satan te simen semans diskòd li a, li te pwodwi yon Kayen. Youn te pwodui yon moun ki jis; youn te pwodui youn ki enjis. Paske Èv te koute pawòl diskòd la, ki kontrè a Pawòl Bondye a, e sa te kòmanse balon peche a ki t ap woule drèt la, e l te kontinye ap

woule depi lè sa. E nou p ap janm rive soti tout bagay jouk zanj yo vini pou separe bagay la, e Bondye mennen pitit Li yo nan Wayòm lan, epi move zèb yo ap boule. Remake de pye rezen sa yo.

<sup>33</sup> Si nou te jis gen plis tan sou sijè sa, men jis pou nou atenn pwen fò yo, konsa nou ka antre drèt nan lapriyè pou malad yo nan kèk minit k ap vini yo.

<sup>34</sup> Remake, semans yo te grandi ansanm jis egzakteman jan Bondye te di isit la epitou nan chapit 13 la, tèks nou aswè a, nan Matye: "Kite yo grandi ansanm." Kounye a, Kayen t al nan peyi Nòd la, li te jwenn yon madanm, epi l te marye; e yo te touye Abèl, e Bondye te sisite Sèt pou pran plas li. E jenerasyon yo te kòmanse ap avanse, ant byen e mal. Kounye a, nou remake ke yo te konn rasanble, yo chak, fwa apre fwa, e Bondye te dwe... Sa te vin sitèlman movè ke Bondye te oblige detwi l.

<sup>35</sup> Men finalman yo te manifeste jouk toude semans sa yo, semans diskòd la ak Semans Bondye a, te montre vrè visaj yo, e sa te abouti a Jida Iskaryòt epi Jezikri. Paske, Li te Semans Bondye a, Li te kòmansman kreyasyon Bondye a, Li pa t anyen de mwens ke Bondye. E Jida Iskaryòt te ne pitit pèdisyon an, li te sot nan lanfè, li te retounen nan lanfè. Jezikri se te Pitit Bondye a, Pawòl Bondye a manifeste. Jida Iskaryòt, nan diskòdans li, te semans dyab la, ki te vin nan mond lan, pou twonpe; jis tankou l te ye nan kòmansman an, Kayen, ansyen papa l.

<sup>36</sup> Jida te sèlman ap fè jwèt legliz. Li pa t vrèman sensè. An reyalite li pa t gen lafwa; li pa t ap janm trayi Jezi. Men, ou wè, li te simen semans diskòd sa a. Li te panse ke l te ka fè zanmi ak mond lan, mamon, epitou gen amitye ak Jezi, men li te twò ta pou l te fè anyen ak sa. Lè lè lanmò a te rive, lè l te fè bagay mechan sa a, li te travèse liy separasyon ant kontinye avanse e retounen deye. Li te oblige kontinye nan chemen l te pran an, kòm sediktè. Li te simen semans diskòd la, li te eseeye jwenn favè nan men gwo òganizasyon sa yo nan jou sa, nan men Farizyen ak Sadiseyen. E l te panse li t ap soti ak yon kantite kòb, epi li t ap popilè pamè pèp la. Si sa pa lakòz ke tèlman moun antre nan diskòd sa, ap eseeye jwenn favè lòm! Ann jwenn favè nan men Bondye, pa nan men lòm. Men se sa Jida te fè lè diskòd sa te manifeste nan li.

<sup>37</sup> E nou konnen ke Jezi te Pawòl la, Sen Jan 1, di, "Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè e Li te abite isit la nan mitan nou." Alò, Pawòl la se yon Semans, answit Semans lan te vin fè l chè e l te abite nan mitan nou.

<sup>38</sup> Si Jida te semans lènmi an ak diskòd la, li te vin chè tou e l te abite nan mitan nou nan pèsomaj Jida Iskaryòt la. Li pa t janm gen okenn veritab fwa, lafwa reyèl. Li te gen sal te *panse* ki te lafwa. Sa egziste yon tèl bagay tankou gen lafwa; epi yon swadizan fwa.

<sup>39</sup> E yon fwa otantik nan Bondye pral kwè nan Bondye, e Bondye se Pawòl la, li p ap janm ajoute anyen nan Li. Bib la di nou si nou ajoute yon sèl mo, oswa retire yon sèl Pawòl, y ap retire pati pa nou an nan Liv Lavi a, Apokalyps 22:18, dènye chapit final la.

<sup>40</sup> Nan premye kòmansman an, premye Liv nan Bib la, Bondye te di yo pou yo pa t wete yon sèl Pawòl nan Sa, “yo dwe respekte chak Pawòl,” yo dwe viv dapre Pawòl sa. Jezi, nan mitan Liv la, te vini e di sa nan laj Li a, epi li di: “Lòm pa dwe viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl ki—ki soti nan bouch Bondye.” Epi nan fen laj Apokalips la, li te predi nou, ke, “Nenpòt moun ki retire yon sèl Pawòl nan Liv la, oswa ajoute yon mo nan Li, y ap retire pati pa li a nan Liv Lavi a.”

<sup>41</sup> Kidonk paka gen anyen ak lonbraj, jis otantik, Pawòl Bondye ki sen an! Sa se pitit gason, pitit fi Bondye, ki pa ne dapre volonte lòm, oswa dapre yon bay lanmen, oswa dapre yon fòm de batèm; men ki ne nan Lespri Bondye, dapre Sentespri a, ak Pawòl la k ap manifeste tèt Li atravè yo. Sa se Semans otantik Bondye a!

<sup>42</sup> Lènmi an rantre nan legliz epi li vin trè konvansyonèl nan yon kredo oswa sa l ye a. Men se pa . . . Sa se diskòd, nenpòt bagay ki entèfere ak souch Verite otantik Pawòl Bondye a.

<sup>43</sup> Epi kijan n fè konnen? Nou di: “Ebyen, yo menm, gen dwa entèprete L?” Non, mesye! Okenn moun pa gen dwa entèprete Pawòl Bondye a. Li se Pwòp entèprèt Li. Li pwomèt sa, alò Li fè l, sa se entèpretasyon an. Lè L te pwomèt Sa, lè sa Li akonpli L, sa se entèpretasyon L lan. Nenpòt bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye a se yon diskòd! Absoliman!

<sup>44</sup> Kounye a, jan m te di a, Jida pa t gen okenn fwa veritab. Li te gen yon swadizan fwa. Li te gen yon—yon fwa ke l te panse ke se se te Pitit Bondye a, men li pa t konnen ke se te Pitit Bondye a. Li pa t ap vle fè l. E yon nonm ki ap fè konpwomi ak Pawòl Bondye sa a ki se Verite a, li gen yon swadizan fwa. Sèvitè otantik Bondye a ap akwoche a Pawòl sa.

<sup>45</sup> Kèk sware de sa, yon minis kèlkonk, nan Arizona, ki vin de yon gwo, lekòl ki gen renome nan vil sa a isit la, te vin kote m epi l te di: “Mwen—mwen vle korije w sou yon bagay” (mwen di . . .) “lè w gen yon chans.”

Mwen di: “Se pi bon chans ke m konnen. Vini non.”

<sup>46</sup> E se konsa li te vini, li te di: “Mesye. Branham, w ap eseye . . . Mwen kwè ke w sensè epi w onèt, men w ap eseye entwodui pou mond lan yon Doktrin apostolik.” Epi li di: “Laj apostolik la te fini ak apot yo.”

<sup>47</sup> Mwen te di, “Premye bagay m ta renmen mande w, frè m, èske w kwè ke chak Pawòl Bondye inspire?”

Li te di, “Wi, mesye, M kwè l sètènman.”

<sup>48</sup> Mwen di: "Alò, èske w ta vle montre m nan Pawòl la ki kote laj apostolik la te sispann? Kounye a, montre m kote l ye, m ap kwè avèk ou." Epi m te di: "Ekriven apostolik la, sila ki te gen kle Wayòm lan, jou Pannkot la lè yo te entwodui laj apostolik la, yo te di: 'Mesye frè m yo, kisa n ka fè pou n sove?' Li te di: 'Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri, pou padon peche nou yo, e nou va resevwa don Sentespri a, paske pwomès la se pou noumenm ak ptit nou yo, e pou sila yo ki byen lwen, menm tout sa Seyè Bondye nou an va rele.' Kounye a, kouman Pawòl la ka fè kontredi tèt Li?"

Nonm lan te di, "M gen yon move grip aswè a."

Mwen te reponn, "M panse sa, tou." Ou wè?

<sup>49</sup> Kounye a di mwen, èske Bondye ap rele toujou? Si Bondye toujou ap rele, alò laj apostolik la toujou egziste. Sètènman! Annotan Seyè Bondye nou an ap rele, toujou ap rele, ap toujou rele, toutotan L ap rele, se ap toujou laj apostolik la, paske Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

<sup>50</sup> Kounye a, nou jwenn jodi a ke divèjans sa a te simen atravè chak aj. Si se te posib pou atenn li nan pwochen dis oswa kenz minit yo, m ta renmen fè l, men w pa kapab. Pandan tout laj yo . . . Nou tout, pifò nan nou tout k ap li Bib la. E kounye a tankou lè Jezi te vini, e L te jwenn diskòd sa, ki se lekontrè. Li te Pawòl la ki te manifeste, Li te entèpretasyon Bondye de Pawòl la, paske L te di, "Fouye Lèzekriti, paske nan Yo ou panse ou gen Lavi Etènèl, e se yo ki temwaye de Mwen." Men ni. Li—Li te entèpretasyon Pawòl la. E chak ptit gason ak ptit fi Bondye ne de nouvo nan laj sa a se entèpretasyon Pawòl la. Nou se lèt ki ekri, ke tout moun li. Wi.

<sup>51</sup> Remake, Li te di: "Anven yo adore M, ap anseye diskòd pou Doktrin. Anven yo adore M, ap anseye pou Doktrin diskòd la, doktrin lòm, kredu lòm, ap anseye ke sa se Pawòl Bondye a, alòske sa pa gen anyen pou l wè ak Pawòl Bondye a."

<sup>52</sup> Gade, chak aj pwodui yon rekòt konsa, chak aj te fè sa, epi pa nou an pa gen eskiz. Nou gen menm bagay la, epi yon aj ki pi ekstraòdinè ke tout lòt aj yo reyini ansann, paske sa se lafen istwa lemonn. Sa a se gran diskòd ki te jamm genyen sou tè a, sou fas tè a jodi a. Diskòd nan lòt aj yo te mennen yo lwen vrè Bondye vivan an, pou zidòl yo. Jodi a, Jezi te di nan Matye 24:24 ke li t ap sitèlman pwòch, li ta sedwi menm Eli yo si l te posib. W ap pale de diskòd! O, se tèlman malen. Satan nan mitan pèp la, e jis yon kèlkonk teyolojyen, yon kèlkonk Doktè an Divinite, ka anseye Pawòl sa prèske pafètman. Jezi te di sa. Men jis obsèvè l, li pral yon kote. Li te di: "Ebyen, la, se pa t pou sa a." O, wi, se sa, tou, ou wè, paske Bondye te di se te sa.

<sup>53</sup> Gade sa l te fè. Menm diskòd sa te lakòz kolè Bondye nan jou Noye yo, lè Bondye te voye pwofèt Li pou preche tankou yon flanm dife, te mande moun yo pou yo repanti, e diskòd la te nwaye

1. Alò kisa Satan te fè? Pase drèt pa dèyè, nan Kam, epi kòmanse simen l ankò. Se egzakteman sa.

<sup>54</sup> Moyiz te vini, gran pwofèt la, pou mennen timoun Izrayèl yo soti nan dezè a. Kisa k te pase? Moyiz, gran pwofèt Bondye a, te pote ba yo Verite absolu a, Verite konfime. Li te rankontre Bondye. Bondye te pwouve ke l te rankontre L. Kouman moun sa yo la ba a, prêt sa yo, epi yo te gen reliyon yo, seremoni yo, rityèl yo ak tout bagay, men Moyiz te kanpe antanke yon konfirmasyon entèpretasyon Pawòl la. Pa blyie sa! Moyiz se te entèpretasyon Bondye parapò a pwomès Li. Li te di li t ap fè l; li te entèpretasyon Bondye.

<sup>55</sup> Kisa k te pase? Legliz la te fèk kòmanse soti nan peyi Lejip, te sou pye l sa fè kèk jou, e kisa k te rive? Satan te vini ak diskòd li a nan moun, dezyèm Kayen an, ki te Balaram, e li te simen diskòd nan mitan yo. Nou konnen ke se vre. Balaram sa, ansèyman Balaram lan, ke “nou tout se menm, n ap sèvi menm Bondye ke w ap sèvi a,” fondamantalman, li te gen rezon, paske li te ofri yon sakrifis ke Bondye te ofri; sèt belye, sèt towo sou sèt lotèl, epi li te priye menm Bondye a jis osi pafè ke Moyiz te fè l anba a nan dezè a, jis egzakteman menm bagay la. Men yo pa t menm bagay la! Ap prefigire pou nou sa k ta pral rive. Te gen, ankò, Kayen ki te manifeste nan... nonm Balaram sa a. Epi te gen Bondye ki te manifeste nan pèsonaj Moyiz la, ap entèprete Pawòl Li atravè yon èt imen, ap fè konnen Tèt li, pwomès Li, atravè yon èt imen. Epi diskòd la te leve.

<sup>56</sup> Se konsa li te fè l nan tan Jida, la a li te vini ak diskòd li a.

<sup>57</sup> Epi, sonje, peche sa a ke moun sa yo te kwè, ke “nou tout se menm, nou adore menm Bondye a, nou tout ta dwe fè pati de menm legliz, nou ta dwe menm pèp la,” yo pa t janm padonnen Izrayèl peche sa a! Jezi di, Limenm: “Yo tout te mouri!”

<sup>58</sup> Yo te peri, yo tout eksepte twa ladan yo. Se te sila yo ki te rete fèm epi kwè pwomès la. Lè sa k fèb la te di: “Nou paka pran peyi a, e sa twòp pou nou,” e latriye, Kalèb ak Jozye te kalme pèp la, epi yo di: “Nou plis ke kapab pou pran l, paske Bondye te pwomèt nou li! Mwen pa bezwen kónna kisa opozisyon an ye!”

<sup>59</sup> E nou ka toujou preche gerizon Divin, ak batèm Sentespri a, epi toujou gen pouvwa Bondye pou separe nou de bagay monn lan. Bondye di konsa! Laj apostolik la pa t janm sispann, e li p ap sispann, l ap kontinye.

<sup>60</sup> Kidonk, nou jwenn menm vye semè diskòd la. Epi sonje, peche sa pa t janm padonnen. Kounye a, frè, si sa pa t janm padonnen lè sa, e kounye a lè vrè-vrè semans tout aj yo ap rasable ansanm?

<sup>61</sup> Remake gwo bagay sa a Balaram te fè a, li te kontinye ankò e ankò, e finalman li te fini ak—ak vini Jida Iskaryòt la, epi Jezi. Kisa l te ye? Jida ak Jezi te jis egzakteman yon pòtre Kayen ak Abèl. Paske, menm jan Jida te reliye, se konsa Kayen te reliye.

Kayen te bati yon lotèl, li te fè yon sakrifis, li te adore Bondye, li te jis sensè nan aksyon l lan menm jan ak lòt la. Men, ou wè, li pa t gen revelasyon de kisa Pawòl la te ye. Li te panse se te Adan ak Èv ki te manje kèk pòm oswa kèk fwi. Epi Kayen . . . Abèl, pa revelasyon, te konnen ke sa te fo; se te san an ki te fè yo soti, e l te ofri yon ti ayo. E Bondye te temwaye ke ofrann li an te kòrèk. Alò li te vin jalou epi l te eseye touye frè l la. E kòm li te touye frè l la sou menm lotèl ke sakrifis li a te ofri a, ayo an te sakrifye sou lotèl la, konsa Jida Iskaryòt te trayi Jezikri sou lotèl Bondye a, e l te touye L menm jan Kayen te touye Abèl la. Paske, Kayen se te semans diskòd la.

<sup>62</sup> E se te menm bagay la pou Balaram, pwofèt mèsenè a, yon nonm ki ta dwe konn mye ke sa. E Bondye te avèti l atravè siy ak mirak, e menm yon milèt k ap pale nan lang enkoni, e toujou li te kontinye jis menm jan an. Li te ne pou l te yon—yon semè diskòd la.

<sup>63</sup> E si Jezi te predi laj sa a ap fini nan pi gran diskòd ki te janm genyen, aj legliz Lawodise a, tyèd, ki mete L deyò nan legliz la, kijan l ka fè nenpòt lòt bagay ke sa: Diskòd! Sètènman, se sa. Sa ap fini nan aj sa.

E se te Kayen ak Abèl ankò sou Kalvè a.

<sup>64</sup> Kounye a remake, kòm toujou, osito ke Jezi te ale, li te monte nan Syèl, Sentespri a te tounen. Se te Semans lan, Sila ki Bay Lavi a Pawòl la, jan n te pale yè swa a. Se Sila ki vivifye Pawòl la. *Vivifye* vle di “bay Lavi.” Sentespri otantik la sèlman bay Lavi a Pawòl la ke Li ye. Li p ap bay kredo Lavi, Li pa kapab, paske Li pa gen anyen pou wè ak kredo. Se Lavi Pawòl Bondye a, paske Li se Bondye. Ou wè? E Li vivifye Kò sa.

<sup>65</sup> Kounye a remake, jan yo te fè l. Answit, Bib la te di, e—e Jan te pale ak pitit li yo pou di, “Timoun yo, nou te tande pale de antikris la ki te gen pou vini nan mond lan,” li te di, “ki déjà nan mond lan, e li ap aji nan timoun dezobeyisans yo.” Kounye a, se te apeprè trant lane apre vini Sentespri a. Nou jwenn, lè Sentespri a vini, veritab Semans lan, Vrè Sila ki bay Lavi a Semans lan, alò men diskòd sa ki vin ankò. Epi remake, l ap kontinye. Li te gen . . .

<sup>66</sup> Vrè Pawòl la te konfime, pwofèt yo nan tan lontan yo te konfime Pawòl Bondye a kòm Verite a amezi ke yo t ap desann. Si nenpòt moun te janm li *Konsèy Nise a*, oswa *Konsèy Pre-Nise a*, kenz jou politik wouj ak san sa yo, lè bann Women sa yo anba la te vle mennen epi fè legliz sa vin yon denominasyon. Pwofèt yo te vini, yo te vlope nan po mouton, ap manje fèy zèb, e yo te pran pozisyon pou Pawòl sa! Men kisa sa te fè? Sa te dwe tankou Kayen, sa te dwe tankou Abèl, youn te dwe mouri. Sètènman, sa te fè sa. E Pawòl la te pèdi enflyians Li nan mitan moun yo, e yo tout te vote kont vrè Pawòl la epi yo te aksepte dògm diskòd premye legliz Katolik la. Yo te ajoute yon pap, yo te ajoute yon

evèk, yo te ajoute *sesi, sela*, ak se *lòtbò*. Yo retire vrè sans sa Pyè vle di a, pou—pou—pou Mari, ak—ak tout rès la; epi fè zidòl, epi pa fè anyen lòt ke jis yon seremoni payen ak swadizan reliyion Kretyèn. Kisa l te ye? Semans diskòd! Epi yo te òganize, yo te òganize, pou premye fwa sou tè a, yon legliz. Kisa l te ye? Semans diskòd sa ki te kòmanse simen, yon bagay te ajoute, te retire.

<sup>67</sup> Kimoun ki te janm tandem, nan Bib la, ke yo pa manje vyann lè Vandredi? Kimoun ki te janm tandem, nan Bib la, yon bagay ki se awoze ak dlo olye pou yo batize, pa imèsyon? Kimoun ki te janm tandem pale de bagay sa yo, yon “Je vous salut, Mari” oswa yon bagay konsa? Kimoun ki te janm tandem pale de kèk vye tenten sa yo kay Pwotestan sa yo, tou? Chodyè a paka di bonnm nan ke l gen grès. Se vre! Jis, koupab pou sa k pi piti a se koupab pou tout bagay la nèt! Kimoun ki te janm tandem pale ke Bondye janm trete ak yon òganizasyon? Montre m yon sèl fwa youn ki te janm òganize e ki te janm rete vivan. Yo te mouri imedyatman, e yo pa t janm resisite ankò! Li lè pou yon bagay rive, li lè pou Bondye bouje. Sa te touye enfliyans nan mitan moun yo.

<sup>68</sup> Menm bagay la te fèt jodi a. Yo touye enfliyans lan, yo di: “O, bann moun k ap manifeste sa yo, yo pa anyen.” E, kisa l ye, se diskòd la! Rankontre Pawòl la fas a fas epi wè kisa Li ye, wè si Bondye entèprete Pwòp Pawòl Li. Bondye kapab ak wòch sa yo sisite pitit bay Abraham. Amèn.

<sup>69</sup> Pawòl la te antyèman konfime pa premye Kretyen yo, jan Bondye te delivre yo anba tout bagay, epi maladi, e yo te gen pwofèt, e yo te pale an lang, te entèprete, epi bay mesaj ki pwouve egzakteman verite a chak fwa. Men devan tout Pawòl konfime sa yo, moun yo pa t vote pou Sa, yo te vote pou yon denominasyon. Sa se manman tout òganizasyon yo.

<sup>70</sup> Toulède konplètman atenn matirite yo kounye a. Yo te kòmanse ap simen ankò. Sa te mouri, men li te fleri ankò nan jou Litè yo, jan n te aprann de premye mesaj la isit la jou dejene maten an. Sa te fleri nan epòk Litè. Kounye a kisa yo te fè? Touswit apre lanmò grantòm sa, yo te fè yon òganizasyon.

<sup>71</sup> Li te fleri. Epi ankò nan epòk John Wesley, lè Anglikan yo, ak tout sekirite etènèl yo a ak tout bagay yo te mare l anndan yon plas ki se prèske doktrin inivèsèl la, e ki sa k te rive? Bondye te sisite yon nom ki te rele John Wesley, pou mete fin a tout bagay la nèt. E osito ke l te mouri, limenm ak Asbury ak lòt yo, kisa k te rive? Yo te òganize, e kounye a ou te gen tout kalite Metodis. Apresa youn oswa lòt la te vini, Alexander Campbell, John Smith, ak kisa ankò.

<sup>72</sup> Finalman, Lapannkot te parèt, li te soti nan tou sa. Kisa k te rive lè sa? Yo te byen kouri se vre, kisa ki te jennen w? Ou te retounen drèt nan menm labou w te soti a, tou dwat nan menm sitiyasyon an, ou te retounen nan diskòd epi fè òganizasyon, ou te oblige fè konpwomi ak Pawòl la. E chak fwa Bondye te voye

yon novo bagay, ou pa t ka resevwa l. Se vre! Diskòd ankò! Epi, remake, jan m te di lòt jou a, premye ti pay sa ki te soti nan rasin sa a, monte nan fèy yo epi monte nan glann lan, apresa tounen nan pye ble a ankò, pou l pouse. Ti pay ble sa prèske sanble ak grenn lan limenm, e nou te panse se te sa, men lè w louvri l, pa gen okenn grenn ditou. Se sèlman yon sipò pou grenn lan grandi, e li mouri tou, e lavi a soti drèt nan li pou l al nan grenn lan. Remake, konsa yo rele legliz ki te simen . . .

<sup>73</sup> Nou jwenn jodi a ke swadizan legliz nou yo, menm legliz Pannkotis nou yo, nou te soti, nou pa t ka satisfè, nou te dwe fè gwoup ki pwòp a noumenm. Tout bagay te rive, nou te dwe gen *sesi*, nou te dwe gen *selo*, nou te dwe gen yon lòt gwoup. Epi kanmarad sa a te leve, pou di: “L ap vini sou yon nyaj blan.” Yon lòt di: “En-en, L ap vini sou yon cheval blan.” “Dakò, n ap fè de gwoup.” Ou wè, kisa l ye? Ap simen diskòd! Lè L vini, kèlkeswa sa l ye a, L ap entéprete Pwòp Pawòl Li lè L vini. Ann tann jouk moman sa. Sezi . . . ann pale de sa, ou pa menm konprann Mesaj pou jodi a. Toujou ap montre sa Bondye pral fè, oswa sa L te fè, epi inyore sa L ap fè. Se fason sa nou jwenn diskòd ladann.

<sup>74</sup> Kounye a nou remake ke jodi a legliz nou yo, tout—tout legliz nou yo te simen van, e y ap rekòlte tanpèt. Nou pa gen reyinyon priyè, nou pa gen sèvis nou te konn genyen yo. Kisa k pwoblèm lan? Nou te bese estanda tout bagay nèt. Gade, menm legliz Pannkotis nou yo, ki plen ak fanm cheve koupe. Yo pa t konn pèmèt sa. Figi makiye, woze zong, tout kalite bagay; jwenn yon nonm la ak . . . tankou Ricky sa yo e latriye; marye twa oswa kat fwa, epi yo dyak; o, ala yon diskòd! Se salte! Kijan yo arive fè l? Bondye pa t ap gen sa nan Legliz Li, yo dwe adrese yo a yon òganizasyon pou antre ladan l. Yon moun pè di yon bagay sou sa, paske yo t ap choute l deyò nan òganizasyon an. Bondye, bannou dèzòm ki pa konekte ak anyen lòt ke Bondye ak Pawòl Li, ki va di Laverite sou sa. Se egzakteman sa nou bezwen. Kisa nou te fè? Te simen diskòd. Nou te simen van, e kounye a n ap rekòlte tanpèt.

<sup>75</sup> Remake ke kounye a yo te rasanble ansanm pou y al boule. Èske w te remake, Jezi te di: “Dabò, rasanble yo ansanm, fè pake ak yo, epi mete tout pake yo nan yon sèl pil, e m va boule yo.” Gen yon ti pake ki rele Metodis, Batis, Presbiteryen, Literyen, yo tout ap rasanble ansanm nan Konsèy Mondyal Legliz yo. Kisa sa ye? “Rasanble yo dabò!” Alelouya! Èske w remake? Li rasanble move zèb yo an premye, mete yo lwen ble a, separe yo: “Rasanble yo ansanm epi boule yo.” Yo tout dwe boule ak jijman Bondye yo, poutèt yo simen diskòd nan mitan pèp la, bagay ke yo. . . . Yo gen yon sanblan pyete, epi y ap renye Pwisans lan, ap nye Pawòl la, jis pou kenbe kèk rityèl relijiye, kèk dògm ke yon moun te enjekte ladann, ap eseye mete nan Pawòl Bondye a. Sa p ap mache. Se yon diskòd.

<sup>76</sup> M ap rele fò jodi a, jan sa te ye a, gran pwofèt la nan tan

lontan an, Amòs, lè l te desann nan vil sa, li te di, "Mwen pa yon pwofèt, ni yon pitit pwofèt. Men si Lyon an gwonde, kilès ki pap pè?" Li te di, "Lè Bondye pale, kimoun ki p ap pwofetize?" Li te pwononse jijman sou jenerasyon sa, li te di, "Bondye menm ke nou pretann ap sèvi a ap detwi nou."

<sup>77</sup> Mete sa a, mete l sou kasèt, epi sonje. Bondye menm ke... Moun kounye sa yo k ap rasanble tout gwo rekòt sa a nan-nan Konsèy Mondyal Legliz yo, ke nou pral oblige antre ladann. Nou pa ka ret andeyò li. W ap swa pral endividyezman soti nan li, oswa ou pral antre nan li. P ap gen okenn jis nan mitan. Se pral mak bêt la. Okenn moun pa p ka achte ou vann, eksepte sila ki gen mak la, oswa ki gen diskòd la. Kidonk, rete andeyò sa! Soti ladann! Kouri pou li! Rete lwen l! Bondye yo deklare y ap sèvi a ap detwi yo. Gran Bondye damou an ki p ap...

Yo di: "Ebyen, Jezi te priye pou ke nou tout ta dwe youn."

<sup>78</sup> Apre sa Li te di ankò, "Kijan n fè ka mache ansanm, kijan de fè ka mache ansanm, si yo pa dakò?" Li di "yon sèl," tankou Limenm ak Papa a se Youn. E Papa a te Pawòl la, e Li te Pawòl la ki te manifeste. Li te "Youn" ak Papa a, paske Li te manifestasyon Pawòl Bondye te pwomèt la. E se konsa l ye jodi a, oswa nenpòt lòt jou a. Wi, mesye. Bondye se Youn. Li vle pou nou vin youn.

<sup>79</sup> Kijan sa a ka youn, lòt sa a renye nesans pa vyèj la, e sila non, li renye gerizon Divin, epi sesi, sela, yo tout nan yon dezòd konsa? Kèk nan yo menm pa menm kwè nan Bondye, yo kwè Li te Ptit Bondye a; yo kwè Li te pitit Jozèf, ke yo te rele Ptit Bondye a. Sètènman. Frè jimo Literyen yo, moun Zwingli yo, yo kwè sa, ke Li te absoliman jis yon bon moun. Lasyans Kretyèn di Li te yon pwofèt, jis yon nomm òdinè, Li pa t Diven. Enben, si Li pa t Diven, Li se pi gran twonpè mond lan te janm genyen. Li te Bondye oswa Li pa t anyen. Li te Divin! Li te Divinite, Limenm, ki te fè L chè pamì nou, nan pèsonaj Ptit Bondye a. Sètènman, se sa L te ye.

<sup>80</sup> Kounye a nou wè diskòd la te antre. Nou konnen ke l isi a la, pèsonn paka nye sa. O, la la! Jis remake. Li pral detwi gwoup sa ki deklare y ap sèvi Bondye a. Siveye sa.

<sup>81</sup> Bondye te plante Semans Li. M ap fini, paske li lè pou kòmanse liy priyè a. Bondye te plante Semans Li, e Semans Li se Kris. Mwen pral preche sou sa pandan kèk sware, kote Bondye te deside mete Non L, si Seyè a vle, petèt nan youn nan dejene yo lè m gen yon ti kras plis tan. Gade, Li se sèl Chemen pou chape a. Li se sèl vrè Potanta a. Li se sèl vrè Bondye a, pa gen lòt apa Limenm. "Mwen se Bondye, e Bondye sèl," Li te di l. Jezi di, "Men kòmandman an: Koute, O Izrayèl, Mwen se Seyè Bondye nou an, jis yon sèl Bondye. Mwen se Limenm. Poukisa w ap chache yon lòt? Yon lòt ap vini... Mwen vin nan Non Papa M,

e nou pa resevwa M. Men yon lòt va vini nan pwòp non l, e n ap resevwa l.” E yo te fè sa nan Nise.

“Èske w se Kretyen?”

“Mwen se Batis.”

“Èske w se yon Kretyen?”

“Mwen se Pannkotis.”

“Èske w se yon Kretyen?”

“Mwen se Metodis,” yon lòt non.

<sup>82</sup> Men lè li kesyon de Non sa “Jezikri,” yo jis elwaye yo osi lwen de Li ke yo kapab, yo pa vle gen anyen pou wè avèk Sa, paske Li se Pawòl la e Pawòl la deklare Tèt li. Remake, sèl Fason pou chape! Li se Woz Sawon an, Bib la di Li te sa. Chak tit Bondye (nan Bib la) se pou Jezikri. Li te Alfa, Omega, Kòmansman e Lafen; Sila ki Te, ki Se, e ki Pral Vini an; Rasin ak Desandan David, alafwa Rasin ak Desandan David; Zetwal Maten an, Woz Sawon an, Lis nan Vale a, Alfa, Omega, Pè, Fis, Sentespri, tout nan Jezikri! Li te manifestasyon total Jewova Bondye ki te fè L chè pou abite nan mitan nou. Egzakteman sa L te ye a.

<sup>83</sup> Li te Woz Sawon an. Kisa yo te konn fè ak Woz Sawon an? Yo te konn prije L, kraze L, pou fè pafen an soti Ladann. Yon bèl woz dwe prije pou fè pafen an soti nan woz sa. Sa te yon bèl Vi, pa t janm gen yon vi ki te viv tankou Sa, men Li te dwe prije sou Kalvè.

<sup>84</sup> Ou wè, yo te pran onksyon Woz Sawon an—an pou mete l sou Arawon, li te dwe wenn ak sa pou al devan Seyè a nan lye sen an, antre nan vwal sen an. Li te dwe wenn ak Woz Sawon an, pou antre al awoze syèj mizerikòd la chak ane. Epi onksyon sa dwe sou li, yon bon sant odè dous pou Seyè a, ap transpote devan l san ayo a, apre ke ayo a te fin awoze l tou. Ak pòm grenad ak klòch toutotou rad li yo, li te dwe ap mache ak yon kalite pa, k ap jwe son “sen, sen, sen pou Seyè a.”

<sup>85</sup> Remake, Li se Woz Sawon sa, Bon sant odè dous sa, Onksyon an sou pèp Li. Ou paka vin devan Li ak nenpòt kredo, nenpòt lòt bagay, men wenn ak Woz Sawon sa, Pawòl la. Li se Lis Vale a tou.

<sup>86</sup> Kounye a, kijan w jwenn opyòm? Ou jwenn opyòm lè w pran yon lis epi prije l, ou jwenn opyòm lan. Doktè yo itilize l nan laboratwa yo. Pran yon nomm ki sou lènè epi ki ajite, oswa yon fanm, li santi tankou li pral fou, l ap mache sou planche a epi l ap rele fò, manzè gen yon kriz denè, yon doktè ap pran yon ti kras nan opyòm lis la epi enjekte l nan bra l oswa kèk kote nan venn li, oswa gason an, e y ap kalme. Tout bagay fini pou yon ti moman. Men jis osito ke efè opyòm sa a pase, men yo ki rekòmanse ankò, pi rèd ke yo te janm ye.

<sup>87</sup> Men m ap di nou, zanmi, sa se sèlman yon tip Opyòm otantik ki soti nan Lis Vale a ke m konnen. Li se Lis Vale a. Yo te prije L sou Kalvè. Li te blese pou transgresyon nou, ak blesi Li yo nou te geri. Nan sa, nan prije flè yo, Li te yon Flè. Li te pi gran Flè ki te jamz pouse, se te Lis Vale a, ak Woz Sawon espektakilè sa a. Kounye a Li pandye aswè a, ant Syèl e tè, mwen kwè, Li te la fwa sa, pito, pou—pou retire peche mond lan epi pou fè gerizon retounen nan mond lan. E Bib la di ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

<sup>88</sup> Zanmi, lè Bondye te di Moyiz, nan dezè a, ki te yon—yon tip de Limenm, pou leve anlè yon sèpan an kwiv. E kwiv reprezante peche ki jije, sèpan an reprezante, *sèpan an kwiv* la reprezante “peche ki déjà jije.” Menm jan, kwiv se “jijman Diven,” tankou lotèl an kwiv kote yo te depoze sakrifis yo. Epitou Eli te gade anlè epi l te di syèl la tankou kwiv, Jijman diven sou yon nasyon enkwayan ki te vire do bay Bondye. Kwiv reprezante jijman, jijman Divin. E sèpan an te reprezante peche déjà jije; e Jezi te sèpan sa a ki te fè L peche pou nou, e ki te pran jijman Bondye yo sou Li. Li te blese pou transgresyon nou yo, brize pou inikite nou, chatiman pou lapè nou sou Li, e avèk mak sou Li yo nou te geri.

<sup>89</sup> O, Bondye gen amwa Li plen ak Opyòm, aswè a, pou ou. Zanmi Kretyen, ou malad epi w ap soufri. Oo, ou bouke, sa jis twò difisil pou ou. Ou pa ka sipòte l lontan ankò, ou pral—ou pral fin fou nan jou modèn sa a ke n ap viv la.

<sup>90</sup> Èske w te fèk tandé *Life Line* aswè a, sa yo te di, ke—ke Larisi di, nan lane 55, ke yo pral “absoliman pran kontwòl total lemonn antye”? Anvan sa ka rive, Anlèvman an dwe rive. Kidonk ki longè sa pwòch, zanmi? Li jis la a tou pre a pa lwen.

<sup>91</sup> Èske w pa vle chache L aswè a ak tout kè w? Li se Lis Vale a, e Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li isi a aswè a pou elve Tèt li anlè pamì pèp Li, jis tankou Moyiz te leve anlè siy peche a—a, ki te jije. E pa sèlman peche, men maladi. Sonje, Jezi te di: “Menm jan Moyiz te elve sèpan an kwiv la, se konsa Fis de lòm lan dwe elve.” Poukisa Moyiz te leve l? Pou peche, enkredilite, ak maladi. Jezi te elve, tou, pou peche, maladi, ak enkredilite. Li te menm bagay la.

<sup>92</sup> Kounye a, aswè a, nan jou kote nou gen gwo diskòd sa a, Jezikri te pwomèt nan Lik, ke nan jou sa yo... anvan Vini Seyè a, sa t ap tankou l te ye nan epòk Sodòm nan, lè Fis de lòm lan t ap revele Tèt Li, tankou Fis de lòm lan te revele Tèt Li bay Abraham anba la; Elohim, Bondye, te fè L chè pamì moun, e li te abite la avèk Abraham epi te montre l, te di l a kisa Sarah t ap panse (ki te chita dèyè L) nan tant lan, ke L pa t janm wè. Li te di manzè kisa l... Epi Li te site non l, “Sarah.” “Abraham,” non pa—pa non Abram li an, ke l te kòmanse avèk li, men Abraham. Se pa Sarayi, S-a-r-a-i; men S-a-r-a-h: “Kote madanm ou, Sarah?”

Li di, "Li nan tant lan ki dèyè W la."

<sup>93</sup> Li di: "M ap vizite w selon tan lavi." E manzè te ri. Li mande, "Poukisa l te ri?"

<sup>94</sup> Kounye a, Jezi te di, "Jis anvan gwo diskòd sa te rasanble epi boule, ke Fis de lòm lan va revele L nan menm fason ke L te fè lè sa a." Epi se... Kisa sa ye? Se yon monte anlè, ankò, devan nou, ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske w kwè sa? Annou koube tèt nou alò pou lapriyè.

<sup>95</sup> Bondye Papa, nou renmen W. Pawòl Ou a tèlman—tèlman plen ak Manje pou nou, Seyè. Nou jis renmen L! Nou viv pa Li, Seyè. Li sanble ke kapasite nou pa janm ase. Nou jis renmen chita bò tab Ou, bò kot Pawòl Ou, epi ap jwi benediksyon yo, Seyè, lè nou reyini ansanm konsa, frè ak sè ki te achte ak San Pitit Bondye a, ki se pri San W. E nou vin isi a aswè a, Seyè, nou te konsakre sware sa yo pou priye pou malad. E dapre Ekriti yo, Ou te di ke "ak blesi yo nou te geri." Li pa nesesè pou lapriyè alò (sèlman konfese peche nou yo), paske ak blesi W yo nou te (tan pase) te geri. Oo, ala yon jou sali! Ala yon—ala yon pwomès Emayèl te fè! Ke Se sètènman Laverite.

<sup>96</sup> Ou di, "Nan yon ti tan, e lemonn pa p wè M ankò, poutan n ap wè Mwen, paske Mwen" (pwonon pèsonèl "Mwen") "Mwen va avèk nou, menm nan nou, jouk nan fen mond lan." Epi nan fen tan an, gran akonplisman sa a, Ou te di, jis anvan sa rive, li pral jis tankou anvan dife a te tonbe nan Sodòm epi l te boule mond Moun lòt Nasyon yo, ke t ap gen yon revelasyon Fis de lòm lan k ap vini ankò jis tankou l te ye nan Sodòm. Papa, ke pèp la pa rate l.

<sup>97</sup> E mwen priye, Bondye, tankou yon ti bagay gwosye, (si m te di mal, padonnen m), pou ap pase a yon vitès siperyè. Mwen renmen yo, Seyè. Mwen—mwen priye ke yo pa rate l. Ke sa vin youn nan sware ekstròdinè yo, Seyè. Ke tout malad, aflije, avèg, kèlkeswa sa l ye isi a, Seyè, geri aswè a. Ke chak pechè ka sove. Drèt nan kè yo kounye a, si yo se yon enkwayan, e ke yo aksepte Kris nan moman sa a. Akòde l, Papa. Tout bagay nan men W. Nou remèt nou a Oumenm, pou wè W vini pamí nou.

<sup>98</sup> E W te di, nan Sen Jan 14:12: "Sila ki kwè nan Mwen, zèv Mwen fè yo li va fè yo tou." Kijan nou fè konnen ke W te revele W a moun yo, paske W te Pwofèt ke Moyiz te di ki t ap elve a. Yo pa t gen pwofèt pandan plizyè santèn lane, diskòd te sou tout men, men poutan Pawòl Bondye a te dwe akonpli; konsa Pawòl la te vin chè, e diskòd la tou te vin chè. Epi, Papa, nou wè l ankò jodi a, diskòd la vin yon gwo tonton pake; e nou wè Pawòl la ap vin menm jan an. Beni nou aswè a, Papa. Nou remèt nou nan men W, ak Pawòl Ou. Kèlkeswa sa W gen bezwen pou nou pou fè, fè l avèk nou, Seyè. Nan Non Jezi. Amèn.

<sup>99</sup> [Yon sè pale an lang. Espas vid sou kasèt la—Editè a.] Nou pa konn sa L te di. Li petèt vle di nou yon bagay, konsa jis rete

vrèman anrespè jis yon moman. [Pati vid sou kasèt la. Yon frè bay yon entèpretasyon.]

<sup>100</sup> Amèn. Èske w te janm li . . . ? [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] . . . Ekriti kote lènmi an t ap vini, e yo tout te rasanble ansanm, e yo . . . lènmi an te tèlman yon gwo fòs. Epi Lespri Bondye te tonbe sou yon nonm, e li te di l, e li te pwofetize, epi li te di ki kote pou ale epi rete annatant, epi yo te detwi lènmi yo. Men li ki vini ankò. Men kote pou detwi lènmi w, ou wè, pran men Bondye. Men Bondye se Kris, natirèlman, Pawòl la, kifè pran Sa nan kè w aswè a pandan ke n ap rele liy priyè a.

<sup>101</sup> Mwen kwè Billy bay kat priyè ankò jodi a. Se B, lèt B, ann pran B, katreven senk. Yè swa, nou te pran kenz yè swa. Dabitid nou eseye pran anviwon kenz pa nwit. Epi konsa kenbe kat nou yo, n ap pran yo, kounye a. Ann eseye apeprè kenz. Katreven senk. B, tankou Branham, nou konprann. B, katreven senk jiska san. E nou . . . Ann wè, ki moun ki gen B, katreven senk, leve men w. Ou sèten . . . O, dèyè a, se kòrèk, katreven senk avanse.

<sup>102</sup> Kounye a, ptit gason m lan . . . Konsa ta ka gen etranje isi a, ki ka pa konnen kijan sa te fèt. Ptit gason m lan vin isi a, oswa yon moun; si limenm pa kab vini, Frè Borders, yon lòt moun. Kèk mesye va desann, pou pran kat sa yo, yon santèn ladan yo, epi kanpe devan moun yo epi melanje yo ansanm. Kidonk konsa li ba w yon kat, li pa ka di w ke w pral monte anwo a la a sou lestrad la, li pa konnen. E ni mwenmenm m pa konnen. Mwen vin nan aswè, jis rele apeprè dis oswa kenz, nenpòt kibò, pamí kat yo. Sa pa gen yon sèl bagay pou wè ak gerizon w. Ou ka chita la menm. Gade, yè swa. Konbyen moun ki te isi a yè swa, kite nou wè men w? Jan moun yo te jis geri pandan tout reyinyon an!

<sup>103</sup> Kounye a, se te katreven senk, katreven sis, katreven sèt, katreven uit, katreven nèf, katreven dis. Ann fè yo avanse kounye a. B, katreven senk, katreven sis, katreven sèt, katreven uit, katreven nèf, katreven dis. Sa ta dwe youn . . . Se sèten, nou bezwen . . . E si yon moun . . . Men yon lòt, wi, sa t ap fè l kòrèk. Katreven dis, katreven dis jiska san kounye a. Katreven dis, katreven onz, katreven douz, katreven trèz, katreven katòz, katreven kenz, katreven zès, katreven disèt, katreven dizuit, - nèf.

<sup>104</sup> Si w pa ka bouje, si w ap . . . Mwen wè nou gen yon kantite, twa chèz woulant isi a kounye a, kat konsa, mwen kwè, mwen ka wè. Si w gen yon kat priyè, se—se nimewo w la ke yo rele, epi w pa ka deplase, jis leve men w, nou va woule l mennen isi a.

<sup>105</sup> E si w pa t gen kat priyè, jis chita la a epi priye, pou di, “Seyè Jezi, pèmèt—pèmèt—pèmèt ke se mwen aswè a.” Konbyen moun isi a ki pa gen yon kat priyè, leve men w. O, la la! Trè byen, kounye a annou jis di sa, mwen espere ke sa p ap sonnen manke respè. Men gen yon ti dam yon fwa ki pa t gen kat priyè, nou te ka di. Li t ap fose pase nan mitan foul la, li te di (kounye a koute byen),

“Si m ka manyen rad Nomm sa, m ap geri.” Konbyen moun ki konn istwa sa a? Dakò. E kisa manzè te fè? Li te touche L, epi l te al chita laba. E Jezi te vire tounen, Li te konnen kote manzè te ye. Èske se vre? Li te konnen kisa pwoblèm li an te ye. Èske se vre? Li te konnen kisa pwoblèm li an te ye, alò Li te di l kisa pwoblèm li an te ye. E li te santi nan kò l ke pwoblèm san an te rete. Èske se vre? akoz de kisa? Li te manyen L.

<sup>106</sup> Kounye a, konbyen Kretyen isi a aswè a ki konnen, dapre Ebre, Liv Ebre a, ke Jezi kounye a se yon Gran Prèt, Gran Prèt ki ka touche pa santiman enfimite nou an? Pa vre? Dakò, si L se menm Gran Prèt la, menm fonksyon an, Gran Prèt la, kijan Li t ap aji alò? Li t ap aji jis menm jan Li te fè l lè sa a. Èske w kwè sa? Li t ap aji jis menm jan Li te fè l lè sa a, si w ka kwè sa. Dakò. Konbyen moun ki kwè sa, leve men w, di: “Mwen kwè reyèlman”?

<sup>107</sup> Dakò, anvan yo fòme liy priyè a, ann fè yon liy priyè deyò a la. Mwen konnen Li isi a. Mwen—mwen—mwen santi Prezans Li, e mwen—mwen konnen ke Li isi a. Vin non. Èske liy priyè a pare? Mwen ta pral rele deyò a la. Jis—jis priye, jis gade nan direksyon sa a epi priye, jis kwè.

<sup>108</sup> Yon ti dam ki chita la ap gade m, li chita bò kote yon dam ki gen linèt. Èske w pa ka wè Sa k pandye sou madanm sa? Gade la. Ou wè? L ap soufri ak yon pwoblèm kè. Ou kwè ke Bondye pral geri w? Si w kwè sa, leve men w. Se sa pwoblèm ou an te ye. Se vre. Kounye a si se te pwoblèm ou an, leve men w pou moun yo ka wè, leve men w *konsa*. La, ou pa genyen l ankò kounye a. Fwa w te fè w geri.

<sup>109</sup> Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Oo, gen yon diskòd; men Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske sa . . . Kounye a jis kontinye priye, ou wè, ou pa oblige anwo a la, pou w ka pran konsyans.

<sup>110</sup> Kounye a, sa se yon dam. Annotan ke m konnen, m pa t janm wè l nan vi m, li se jis yon dam ki kanpe la, e ki gen yon kat priyè, e ki pa t konnen si yo ta pral rele l ou non. Yon moun jis ba w yon kat priyè, epi ou—yo rele nimewo w la, kifè w te jis vin isi a. Èske se sa? E m pa gen okenn fason pou m konnen kisa w ye, kimoun ou ye, ki kote w soti, kisa w vle, anyen sou sa. Mwen se jis yon nonm, ou se fanm lan. Se vre. Menm imaj sa a te prezante yon fwa nan Bib la, Sen Jan, chapit 4 la.

<sup>111</sup> Kounye a ou di, “Kisa w te fè, Frè Branham, jis nan moman sa, kèk tan de sa?” Jis tire sou ambreyaj la, ou wè. Mwen pa konnen, ou wè. Li dwe fè l. Mwen pa konnen. Kisa k te fèt ak fanm sa ki laba? Mwen pa t janm wè fanm sa nan vi m. Li se yon etranje total pou mwen. Mwen kwè se te yon fanm. Kilès moun sa ki te fèk geri jis kounye a la nan asanble a? Èske w ap . . . Ya. Nou etranje youn pou lòt. Si se vre, bouje men w *konsa*. Ou wè? Mwen pa t janm wè madanm lan. Men l te chita la, li te kwè. Kounye a,

li te touche yon Bagay, pa vre? Sa pa t ap itil anyen pou manyen m.

<sup>112</sup> Men kounye a ou pa ka wè ke Bib la se egzakteman Pawòl Bondye a? Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou vin tabènak Sentespri sa ki se Kris. Ou wè? Sa se vrè Semans lan. Alò si vrè Sentespri sa antre nan vrè Semans Pawòl la, pa... Li jis p ap pran yon pati de Li (paske, dyab la itilize Sa), ou dwe pran Lannantye, ou wè, chak Pawòl nan Sa; paske, Li pa yon mwatye Bondye, Li se Bondye annantye. Ou wè? E se sa k ap fèt la.

<sup>113</sup> Kounye a, men yon fanm, mwen pa t janm te wè l. Jezi te jwenn yon fanm konsa yon fwa, petèt pa menm kondisyon an, mwen pa konnen. Epi Li te chita bò yon pwi. Li—Li te bezwen desann al Samari. E nou jwenn, Samari te anba ti mòn lan. E—e Li ta pral Jeriko, pito, e L t al fè yon virewon nan Samari, e L te rive nan vil Sika. Epi Li te chita bò pwi a, e Li te voye disip Li yo al chache manje.

<sup>114</sup> Konbyen ras moun ki genyen nan monn lan? Twa. Kam, Sèm, ak moun Jafè yo. Nou tout soti nan Noye. E rès mond lan te detwi nan moman sa. Twa ras moun sèlman, kise Jwif, Moun lòt Nasyon, ak Samariten (ki te mwatye Jwif ak Moun lòt Nasyon). E se tout ras ki gen nan monn lan, ou wè, jis twa.

<sup>115</sup> Tout bagay nan Bondye pafè an twa. Jis tankou twa sa yo mwen t ap pale de yo aswè a: twa etap diskòd, twa etap Pawòl la ki te fè l chè, elatriye. Ou wè?

<sup>116</sup> Kounye a, e Limenm—Limenm ki t ap pale ak Jwif yo, te di Filip, lè l t al chache Natanyèl, kote l te ye a, e li te di: "Mwen te wè l lè l te anba pyebwa a." Li te di... Andre te vin ak Pyè, Li te di: "Non w se Simon, e yo va rele w 'Pyè' apati de kounye a." Li te di: "Ou se pitit Jonas." Ou wè? Kounye a, yo tout te Jwif.

<sup>117</sup> Men la a L al kot yon Moun lòt Nasyon... pa yon Moun lòt Nasyon, men yon Samariten.

<sup>118</sup> Kounye a se tan Moun lòt Nasyon yo. Li pa t janm fè sa yon sèl fwa pou Moun lòt Nasyon yo. Fouye Lèzekriti. Jamè. Men Li te pwomèt, nan Lik 22, ke Li t ap fè l jis anvan Vini an.

<sup>119</sup> Men Li ki te chita la, e men yon mwatye Jwif ak mwatye Moun lòt Nasyon ki te vini, yon fanm. Epi Li te di l, "Madann, pote ban M bwè."

<sup>120</sup> Li di, "Ebyen, Ou pa ta dwe mande sa, tèlman. Nou se... Gen yon segregasyon isi a. Ou se yon Jwif, e—e mwen se yon Samariten."

<sup>121</sup> Li di, "Men si w te konnen ak Kiyès w ap pale a, ou t ap mande M ba w bwè." Kisa L t ap fè? Kontakte lespri l. E osito ke L te jwenn kisa pwoblèm li te ye, ebyen, Li te di l pou l al chache mari l. Li te reponn li pa t gen pèsonn. Li te di, "Se vre, ou te gen senk."

<sup>122</sup> Kounye a, gade, lè Farizyen yo te wè L fè sa. Dakò, diskòd sa drèt nan mitan Pawòl la, kisa yo te di? Yo te di, “Nonm sa se Bèlzeboul, yon divinò.” Ou wè?

<sup>123</sup> Epi Jezi te di, “Nenpòt moun ki te pale kont Sentespri a lè L vini pou fè menm bagay la, pa t ap janm jwenn padon.” Men diskòd ou a. Ou wè? Men Li te di ke L t ap padone yo lè sa, paske Sentespri a pa t ko vini; Sakrifis la, Ayo an pa t ko mouri.

<sup>124</sup> Men lè sa famm lan pa t panse sa. Fanm lan te di, “Mesye, mwen wè Ou se yon pwofèt.” Yo pa t gen yon pwofèt depi plizyè santèn lane. Li di, “Mwen wè Ou se yon pwofèt. Kounye a, nou konnen ke Mesi sa, ke yo rele Kris la, lè L vini, se sa L pral fè.”

<sup>125</sup> Ebyen, si se sa L te fè, alò Li se menm lan ayè, jodi a. Se konsa Li te fè konnen tèt Li lè sa, èske se pa menm bagay la jodi a? Sa dwe sa! Kounye a, men yon fanm ak yon nonm ki rankontre ankò. Li pa fanm sa, mwen pa Nonm sa. Men poutan menm Sentespri a isi a, ki fè pwomès ke zèv Li te fè yo, nou t ap fè menm bagay la nan jou Fis de lòm lan t ap revele.

<sup>126</sup> Kounye a, san ke m pa konnen w (e ou konnen ke se vre), nou se etranje konplètman, e ou kanpe isit la. Gen kèk . . . Petèt gen yon bagay ki pa mache avèk ou, petèt pa genyen, m pa konnen. Men si Seyè Jezi a pral revele m, pa Sentespri Li, kisa ki pwoblèm ou, èske w ap kwè alò ke Sa se Ptit Bondye a, e pa yon èt imen? Sa a se jis yon koki, tabènak *sa a ke*—ke Bondye ap itilize, nenpòt kilès Li te chwazi a. Li—Li fè sa pa gras souveren ak eleksyon. Kidonk, men w ap kwè. w ap fè l? [Sè a di: “Amèn.”—Editè a.]

<sup>127</sup> Konbyen moun nan asanble a ki pral kwè sa? Men nou toulède kanpe drèt la devan Limyè a, ke nou pa t janm rankontre nan vi sa a, non plis m pa gen okenn lide kilès fanm sa ye, kisa l ye, kote l soti, ki sa l vle. Mwen p at janm wè l nan vi m, pa plis ke m te janm wè fanm sa ki anba *la* nan vi pa m. Men, ou wè, men sa m ap eseye fè w fè: elwaye diskòd sa de ou kounye a, epi kwè Pawòl la lè Pawòl la fè L chè isit la menm pamì nou. Pawòl la vin vivan nan pwòp chè nou, sa montre Prezans Bondye.

<sup>128</sup> Kounye a ke Li akòde l sa. Manzè ap mande pou yon kòz ki diy. Li pa gen pitit, li vle yon pitit. Li gen apeprè karantan. Sa sètènman pa enposib.

<sup>129</sup> Yo retwouve yo deyò a la kounye a, fanm ki te esteril pandan tout vi yo, epi yo te vin sou estrad la konsa, e Seyè a te ba yo timoun. Kèk nan nou leve men nou la moun ki okouran. Ou wè? Ou wè? M te soulve yon bèl ti pitit fi lòt jou, dimanch, apre m te kite isi a, dimanch apremidi; ke manman l te esteril, Seyè a te pale. Epi ti fi a, ti pitit ki pi dou, èske l isi a? Kote li? Ya. Men li, la a menm, chita drèt anba la. Manman an chita la. Men ti pitit fi a, limenm. Ou wè l? Li te yon Pawòl pale ki vin de Bondye.

<sup>130</sup> Kounye a, èske w vle kwè L ak tout kè w? Èske w kwè ke benediksyon sa ke w genyen an, ke w santi nan ou kounye a, se te Bondye ki t ap reponn? Si Bondye ta di m ki non w, pou w ta

ka bay ti bebe a non, èske w t ap kwè? Alò, Madam. Thompson, ou ka al lakay ou epi gen bebe w la, si w kwè sa ak tout kè w.

<sup>131</sup> Èske w kwè ak tout kè w? Jis gen lafwa, pa doute, jis kwè Bondye. Bondye se Bondye.

<sup>132</sup> Kijan w ye, mesye? Mwen sipoze nou se enkoni, tou. Sèl fwa m te janm wè w nan vi m, dapre sa m konnen, se lè w t ap vin la. E m te panse ke w te tonton Frè Shakarian, oswa kilès . . . Mashagian, Frè Mashagian, chantè a, lè w t ap pase a. E alò mwen te wè w ta pral nan liy priyè a. Kounye a, antan ke etranje avèk ou, e, oswa pou oumenm, epi mwen yon etranje, chak chak bò. Kounye a, si Seyè Jezi a va di m yon bagay ke ou—ke w ye, petèt ke w ap vle, annou jis di sa; va di w kichoy, va di m kisa w vle. Kounye a, Li deja ba ou l. Sèl bagay se jis gen ase fwa pou kwè l.

<sup>133</sup> Kounye a, konbyen moun ki konprann sa? Jis ase fwa pou kwè ke w jwenn sa w mande a! Ou wè?

<sup>134</sup> Bon, kounye a, si w isi a ap mande yon bagay, epi Li ka di m kisa dezi w lan ye, alò ou konnen mwen pa konn dezi w la, alò dwe gen yon Bagay isi a ki ap fè sa. Kounye a, dapre Pawòl la, Li te pwomèt pou fè sa. Li te konn panse ki nan kè yo. Pa vre? Dakò.

<sup>135</sup> Ou gen yon gran dezi pou w geri. Gen yon bagay, w ap soufri ak yon pwoblèm nè, ou reyèlman estrese. Se vre. Yon lòt bagay, ou gen yon pwoblèm do, e do sa te gen anpil doulé depi kèk tan, ou te menm gen yon operasyon ladann. Sa se ENSI DI SEYÈ A. Se vre. Ou wè. Se sa. Epi men yon lòt bagay, dezi pwofon ou, se, ou vle resevwa batèm Lespri a. Se egzakteman sa. Vin isit.

<sup>136</sup> Bondye Papa, nan Non Jezikri, ke nonm sa ranpli ak Sentespri, anvan l kite teren sa, nan Non Jezi. Amèn.

Kounye a resevwa L, frè m. Jis gen lafwa, pa doute.

<sup>137</sup> Kijan w ye? M sipoze, osi lwen ke m konnen, nou se etranje youn pou lòt. Si se vre, enben, pou moun yo ka konnen, jis leve men w konsa y ap wè ke nou se etranje. Mwen pa t janm wè manzè nan vi m, an tout konsyans. E mwen kwè li pa t janm wè m, sòf deyò a nan asanble a. Paske Papa nou ki nan Syèl la konnen, e men Pawòl Li ki blayi la, ke mwen pa t janm wè dam lan, an tout konsyans, nan lavi m. Se poutèt sa, m pa t ap ka konnen poukisa w la, m pa gen okenn lide ki moun ou ye, kisa, oswa anyen sou ou. Mwen pa ta ka di w yon sèl bagay.

<sup>138</sup> Sèl bagay, se jis yon don. Si m kapab . . . Jan nou te tande m eksplike sa yon ti tan de sa. Jis ap deplase, tande sa L ap di; sa m wè a, mwen ka di l. Sa L pa di, mwen pa ka di. Si m ta di sa nan tèt mwen, sa t ap fo. Ou wè? Sa t ap fo. Men si L di li, se absoliman vre. Sa p ap janm rive, sa pa t janm fo. Sa p ap janm fo toutotan li rete Bondye. Ou wè? Ou wè, paske Bondye paka fo.

<sup>139</sup> Men si Bondye ka di m sa w vle, kisa dezi w ye, oswa—oswa pou kisa w isi a, yon bagay ou te fè, oswa yon bagay, yon bagay

konsa, oswa kimoun ou ye, kote w soti, oswa kèlkeswa sa Li vle di m lan, eske w t ap kwè? Mèsi.

<sup>140</sup> Yon sèl bagay, ou gen pwoblèm ak pye w. Pye w yo deranje w. Se vre. Leve... Ou gen yon pwoblèm dam, maladi fanm. E w te gen yon gwo dezi nan kè w, paske ou fèk pèdi yon moun oswa yon bagay. Se yon ti gason, epi ti gason w lan kite kay la, li met deyò, epi ou vle m priye pou l retounen.

<sup>141</sup> Bondye nan Syèl la, voye pitit li a ba li, ak gerizon. Pèmèt ke Sentespri a rete jenn gason sa sou wout la aswè a, voye l tounen bay manman l. Nan Non Jezi. Amèn.

<sup>142</sup> Sila Ki konnen an ap voye l tounen ba ou. Pa enkyete w. Kwè kounye a, pa doute. Jis gen lafwa, ak tout kè w. Ou kwè, e Bondye va akòde rès la.

<sup>143</sup> Kounye a, jis twa oswa kat disèneman sa yo, kèlkeswa sa l te ye a, ou wè, mwen—mwen jis ale jouk sa vin envizib pou mwen. Mwen paka eksplike sa, pa gen okenn fason pou eksplike l. Ou di, “Ou vle di, se te jis pi rèd ke preche la pandan karant senk minit oswa plis, ou panse?” Wi, mesye. Si se te twazèdtan, sa pa t ap rèd konsa.

<sup>144</sup> Yon fanm te touche rad Seyè Jezi nou an. E moun yo p ap touche m. Enben, fanm sa isi a, jis gade la, li te ka jis... (Mete men w yo sou mwen. Ou wè?) Li te jis touche m toupatou, sa pa t ap fè yon bagay, mwen se jis yon nonm. Men manzè dwe touche L. E mwen, atravè yon don, jis—jis... li jis ale, tout mwenmenm pati ale, e m jis di sa m wè. Ou wè? E se tou. Ou wè, manyen m pa vle di anyen, men li touche Jezi atravè mwen. Se konsa fanm sa te touche Bondye atravè Jezi, alòske Li pa t konn kisa ki te pwoblèm lan avèk li. Li te jis manyen rad Li, li te ale epi chita. E Li di—e Li te di, “Kimoun ki touche M?”

<sup>145</sup> Epi apot yo te di: “Enben, tout moun ap touche W. Poukisa W di sa?”

Li te di: “Men mwen reyalize ke vèti te soti nan Mwen.”

<sup>146</sup> Kounye a, ou konnen kisa vèti ye? Fòs. Li te vin fèb poutèt yon sèl fanm te touche L, e Li te Pitit Bondye a. E mwen menm, yon pechè, ki sove pa gras Li? Ou konsyan poukisa sa pi plis? Paske Li di: “Bagay sa yo ke mwen fè a, nou va fè yo tou. Nou va fè plis ke sa, paske mwen pral jwenn Papa M.” “Pi gran,” Sa di la a, men entèpretasyon kòrèk Grèk la se, “Nou dwe fè plis ke sa.”

<sup>147</sup> Kounye a, dam mwen pa konnen an. Mwen pa t konnen anyen de li. Li jis yon etranje total pou mwen menm jan ak lòt moun yo. Nou se etranje youn pou lòt. Jis pou moun yo konn sa, ou ka leve men w, pou di “nou se etranje.” Kounye a, Pitit Bondye a, si yon fwa Li te rankontre yon fanm nan yon ti espas tankou sa a, bò yon pwi, epi Li te pale avè l jis yon moman, e Li te konn ki kote pwoblèm li te ye, e Li te di l ki sa pwoblèm li an te ye. E

konsa manzè te konnen avèk sa, ke se te Mesi a. Kounye a alòske—ke mwen te . . . Ou te touche m, mwen te touche w, epi anyen pa t rive. Men si fwa mwen (gras a yon don) ak fwa pa w (pou w kwè nan sa) ka touche L, epi Li ka pale atravè nou pou . . . atravè mwen a oumenm, alò w ap konnen ke Li isi a tankou Li te ye bò—bò pwi sa a ki nan Sika. Ou wè? Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ou kwè sa?

<sup>148</sup> Ou gen sitèlman pwoblèm, sitèlman soufrans, konplikasyon! Youn nan bagay prensipal ke w vle pou yo priye pou li se atrit. Se vre. Se vre? Kò fin redi nèt anba atrit. Lè w wè ou leve bra w . . .

<sup>149</sup> Epi w te vrèman mache on jan dousman, se pi bon souvni mwen. Petèt jis tann jis yon minit, petèt gen yon lòt bagay ki ka di ki pral pran . . . Oswa, ou konnen, ou santi bagay yo; moun yo, ou konnen, tankou yon souf k ap vin anfas Sa. Yo di: “Ebyen, li te devine sa,” oswa, ou konnen, bagay konsa.

<sup>150</sup> Men, ou gen aparans yon bon moun, jis pale avè m jis yon moman. Ann kanpe la jis yon ti kras, paske m panse gen yon lòt bagay ki nan kè w ke w vle nan men Bondye. Kounye a, m pa t ka reponn priyè w, men Li ka re- . . . Paske, si w kwè sa, sa te deja reponn. Men si w vle jis kwè; pou fè w kwè. Kounye a, m ap di w, konsènan yon byenneme ki pa isit la, epi se yon frè, e frè sa pa menm nan peyi sa a. Li nan yon jan an de peyi imid, gen anpil lak. Mwen ta di tankou yon bagay ki tankou nan Michigan oswa kèk . . . Wi, Michigan se kote sa sa ye. E l ap soufri ak yon bagay tèrib ki mòtèl, e sa se yon pwoblèm ren ki paka geri k ap nwi l. Se sa, èske se pa vre? Sa se ENSI DI SEYÈ A. Kounye a, mouchwa ke w te gen nan men w lan, ke w te leve bay Bondye a, voye sa bay frè w la epi di l pa doute, men kwè, e sa pral, li pral geri kounye a si w kwè sa.

<sup>151</sup> Ou kwè ak tout kè w? Ou wè, alò, si w kwè, gen yon sèl bagay pou fè, se, aksepte l absoliman. Èske se sa?

<sup>152</sup> Kounye a ou di, “L ap gade sa, moun sa yo. Se sa l ap fè, ap gade yo.” Ou sitèlman wè sa!

<sup>153</sup> Men ou ta ka petèt pa konnen sa a . . . Dam sa a la, vin bò la a, madanm, isi a, moun malad la, kèlkeswa moun ou ye a. Mwen p ap gade a manzè. Èske w kwè ke Bondye ka revele m ki pwoblèm ou? Leve men w, si w kwè, dam sa isi a, dam sa la a, moun malad la. Ya. Ya. Dakò, alò si w ap kwè sa ak tout kè w, pwoblèm opresyon sa p ap deranje w ankò. Dakò, al lakay ou epi kwè l! . . . ? . . .

<sup>154</sup> Li pa t ap gade l, èske L t ap fè l? Ou wè, Li . . . Ou gade nan direksyon *sa a*, vizyon an la kèlkeswa sa k rive a. Amèn! Ou pa ka wè l? Jis pafètman jan Bondye ka pafè!

<sup>155</sup> Ou kwè, tou? Opresyon an ka kite w, tou, pa vre? Ou kwè sa t ap fè l? Dakò, al di Seyè Jezi ke w—ou kwè Li.

<sup>156</sup> Yon jou ou ta gen pou pote yon—yon ti baton avèk ou si atrit sa fin kokobe w, men li pa pral fè sa. Ou pa, ou pa kwè se sa, pa vre? Ou kwè w pral kòrèk? Ale nan wout ou, epi Jezikri ap geri w.

<sup>157</sup> Pwoblèm kè touye moun, men li pa oblige touye w. Ou kwè ke Bondye ap geri l pou ou, epi fè w santi w byen? Ale kwè sa ak tout kè w, di, “Mwen kwè tout bon pou sa.”

<sup>158</sup> Ou pale Angle? Ou konprann Angle? (Yon moun vini.) Ya, se kòrèk. Èske w vle di l sa m ap di l la? Di l si l kwè, pwoblèm lestemak la ap kite l. Li—li pral kwè sa? Pwoblèm do w la ap kite w, tou, alò kounye a ou ka al nan wout ou e w ap geri.

Kouman w ye? Ou kwè?

<sup>159</sup> Nonm sa ki te chita la ak pwoblèm do a, k ap gade m lè m te di sa. Li ka geri, tou, si w kwè sa, mesye. Dakò, mesye.

<sup>160</sup> Dam lan ki chita bò kote w la, ou gen pwoblèm nan kou, pa vre, madam? Ou kwè ke Bondye ap geri w? Ou vle poze men sou ti gason an pou jenou l yo, epi l ap geri, tou. Èske w kwè sa? Ou te gen maladi fanm, pwoblèm dam, ou pa genyen l kounye a. Fwa w te geri w epi retabli w konplétman.

<sup>161</sup> Èske w kwè Jezikri, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan? Alò annou met men nou youn sou lòt epi priye priyè fwa sa a, chak nan nou, priye priyè lafwa.

<sup>162</sup> Bondye Papa, pandan ke nou tèlman te kouvri nan Prezans Divin Ou, pou wè W ap deplase nan asanble a, ap geri malad yo toupatou. Ou se Bondye. Mwen priye ke Ou va geri tout asanble sa a annantye. Kite Souf Bondye a tonbe toufre nan kè yo, epi fè yo konnen ke tan sou pwen fini. Nou gen jis yon ti tan ankò pou nou isi a, alò nou pral avèk Sila ke nou renmen an. E ke Prezans Li kounye a pote gerizon pou tout moun.

<sup>163</sup> Nou kondane Satan, nou kondane tout zak li yo. Nan Non Jezikri, Satan, soti nan moun yo.

<sup>164</sup> Tout sa ki va kwè L kounye a, epi aksepte gerizon w, leve kanpe sou pye w, di, “Kounye a mwen leve kanpe pou aksepte gerizon m. Mwen kwè sa.” Kèlkeswa kondisyon w, si ou reyèlman kwè sa, leve kanpe sou pye w. Kounye a leve men w yo, epi di, “Mèsi, Seyè Jezi, paske w geri m.” Ke Bondye avè w. Amèn. 

65-0118 Semans Diskòd La  
Otèl Westward Ho  
Phoenix, Arizona Etazini

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete 1 sou entènèt, ni anpile 1 sou yon lòt fòm, ni tradui 1 nan lòt lang, osinon itilize 1 pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)